

Detèminasyon Gwo Domaj

Release Date: Oct 24, 2022

Si depans pou repare estrikti a (nan kondisyon li te ye anvan Siklòn lan) se 50 poustan fwa valè li sou mache a anvan dezas la oswa plis, yo konsidere kay la oswa batiman an "endommagé anpil." Valè teren an pa yon konsiderasyon; detèminasyon an baze strikteman sou valè estrikti a sou mache a anvan domaj la te fèt.

FEMA pa fè detèminasyon gwo domaj; detèminasyon an fèt pa ofisyèl batiman oswa manadjè plèn inondab nan kominote a.

Reparasyon yon estrikti nan yon plèn inondab mande pou ou gen yon pèmi. Anplis de sa, yo dwe mete estrikti ki "endommagé anpil" la an konfòmite avèk Kòd Konstriksyon Florida la ak règleman pou jere plèn inondab nan kominote a. Opsyon yo enkli pwoteje kont inondasyon yon estrikti ki pa rezidansyèl, deplase estrikti a deyò plèn inondasyon an, elve estrikti a nan yon wotè ki detèmine pa ofisyèl kominote lokal yo, oswa demoli estrikti a.

Kouvèti pou Ogmantasyon Pri Konfòmite (ICC) se yon kouvèti ki peye anba politik NFIP inondasyon asire a. Moun ki gen kontra asirans pou estrikti ki domaje anpil akòz inondasyon, ki sitiye nan Zòn Espesyal Danje Inondasyon (SFHA), ka resevwa jiska \$30,000 atravè ICC pou ede yo fè fas ak depans pou konfòme yo ak kòd ak òdonans konstriksyon yo.

Pou plis enfòmasyon sou kesyon asirans jeneral pou inondasyon, kontakte **NFIP nan 800-427-4661**, oswa rele ajan asirans ou. Ou ka voye yon imèl tou pou FloodSmart@dhs.gov pou mande enfòmasyon nan yon lang ki pa Anglè. Enfòmasyon yo disponib tou sou [FEMA.gov](https://www.FEMA.gov) ak [FloodSmart.gov](https://www.FloodSmart.gov).



FEMA

Page 1 of 1